



# MATENEL



P.S 117

Briarwood, New York

Kourikoulòm Matènèl

Avril 2011

## Bilten Nouvèl sou Kourikoulòm Matènèl

### Matematik

Nan klas Matematik, timoun yo ap travay sou mezi, epi y ap aprann itilize konparezon pou jwenn longè, volim ak pwa. Y ap itilize inite ki pa ofisyèl, tankou kib ak/oswa *links*, pou mezire chak bagay sa yo. Y ap mande klas la tou pou l konpare bagay dapre longè yo, volim yo ak pwa yo. Elèv yo ap itilize tèminoloji matematik, tankou lou ak leje, long ak kout, plis ak mwens pou itilize ladrès yo nan Matematik pou idantifye bagay. Y ap idantifye tou konsèp zòn ak fason divès bagay ka pran espas yon kote.

### Syans sosyal

Nan Syans sosyal, elèv matènèl ap jwenn enfòmasyon sou tradisyon moun suiv pou *Passover* ak pou Pak. Y ap tande istwa sou jou konje epi y ap diskite pwòp tradisyon yo. Timoun yo ap tande tou istwa sou vwazinaj yo, epi y ap diskite sou bagay yo wè nan pwòp vwazinaj yo. Y ap idantifye tou moun nan kominote a k ap bay èd nan vwazinaj nou ak jan yo itil nou divès fason.

### Seminè Lekti ak Redaksyon

Pandan n ap etidye chapit sa a, n ap anseye timoun yo estrateji pou yo rive konnen pèsonalite aktè yo ak kisa yon aktè fè nan istwa yo. Dèke nou rasanble liv aktè yo, n ap fè lekti awotvwa, epi n ap konsantre ti kou nou yo sou desen ak foto nan liv yo. N ap montre elèv yo fason pou yo etidye nan liv yo ekspresyon nan figi aktè yo ak siyifikasyon jès yo fè. Timoun yo ap pretann yo se aktè nan liv yo. Y ap patisipe epi y ap aprann sa aktè a di ak fason y ap jwe wòl yo.

Kòm seksyon redaksyon pou mwa a, n ap li awotvwa anpil pwezi. N ap fè timoun yo wè ke pwezi pa fèt ak fraz konplè epi souvan, liy yo ka rime. Apre kèk jou, timoun yo ap kòmanse ekri pwezi pa yo. Y ap kòmanse ekri pwezi *observational* ki se pwezi yo ekri lè yo baze yo sou yon bagay y ap gade. Petèt bagay la ka yon bagay timoun yo wè yon kote ki nan sal la. Apre, y ap ekri pwezi sou bagay yo renmen, tankou manje, moun, jwèt, lekòl, lekti elatriye. Konpayi ki kolabore avèk nou yo ap kontinye enspire elèv yo pou amelyore pwezi y ap ekri.

### Syans

Nan Syans, n ap jwenn enfòmasyon sou divès mwayen pou pwoteje latè. Nou tout n ap aprann mwayen pou ede kenbe latè a pwòp. Timoun yo ap aprann enpòtans fè resiklaj ak jete fatra nan poubèl ki fèt pou chak kategori bagay anpatikilye. N ap kontinye pran enfòmasyon sou chanjman nou wè pandan prentan paegzanp rad nou mete, chanjman nan tanperati, ak bagay n ap gade k ap pouse.

